12 [illegible] 1934 [illegible] IX

[illegible]

[illegible]

[illegible] f 1.50

[illegible] 3 [illegible]

[illegible] 1743 .– [illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible] R. A. A. [illegible] R. A. A. [illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[

[illegible]

[illegible]

[illegible] Osaka [illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible] 3 [illegible] [illegible] [illegible]

[illegible]

[illegible] 80 %, [illegible] 20 % [illegible]

[illegible] 3—4 [illegible] (S. S.) [illegible]

[illegible]

[illegible] 50 [illegible] 15 [illegible] 100 [illegible] f 1.— [illegible] 100 [illegible] f 1.20 [illegible]

[illegible]

[illegible] 1 [illegible] 3—4 [illegible]

[illegible]

([illegible])

២០ ការកម្ចីលុយ ដោយមានការប្រាក់

ការកម្ចី ១ ០០០ ដុល្លារ ដោយមានការប្រាក់ ១០០ ដុល្លារ ក្នុងរយៈពេលមួយឆ្នាំ ១២ ខែ ១ ០០០ ដុល្លារ ១ ០០០ ដុល្លារ ១ ០០០ ដុល្លារ

॥ गुलामगिरी पुस्तकाचा अर्थ ॥

[illegible]

[illegible]

N.I.R.O.M. [illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible] 115 pCt. [illegible] eentonig ([illegible]

[illegible]) [illegible] [illegible] .....

[illegible]

[illegible]

KABAR WARNI-WARNI

Petikan saking serat-serat kabar sanès.

TANAH NGRIKI.

H. I. K. ing Bandoeng lan Ngajodjakarta badé kasoewak salah satoenggal. Ing taoen 1934 poenika tjatjahipoen kweekschool ingkang sakawit wonten 5 sampoen dipoen long ingkang 3 dados namoeng kantoen kalih, inggih poenika ingkang doemoenoeng ing kita Ngajodjakarta lan Bandoeng.

Samangké wonten pawartos malih ingkang njebataken bilih kweekschool kalih waoe badé kasoewak ingkang satoenggal, nanging dèrèng katetepaken ingkang poendi. Manawi pawartos waoe jektos, kweekschool namoeng badé kantoen satoenggal til. Sadjakipoen ingkang badé kasoewak poenika kweekschool ing Bandoeng, dipoen dadosaken satoenggal kalijan ingkang wonten ing Ngajodjakarta.

Dipoen wenangaken ngagem songsong djené. Saking Batawi dipoen wartosaken, bilih K. P. A. A. Koesoemo Joeda katjeta ing gambar, ingkang badé lèrèh saking kalenggahanipoen dados warga Raad Indija Nederland, poenika kawenangaken ngagem songsong djené.

Soentikan pès. Ing conferentienipoen para prijantoen pangrèh pradja ingkang dipoen wontenaken ing kaboepatèn Bandoeng nalika tanggal 5 woelan poenika, wadana ing Bandjar lan Batoedjadjar amratélakaken dateng patih, bilih soentikanipoen Dr. Otten ingkang katindakaken kanggé njoeda sesakit pès poenika njata amitoeloengi. Nitik kawontenanipoen sesakit waoe boten ladjeng noelar ngantos ngambra-ambra, namoeng doemoenoeng wonten ing tijang sawatawis ingkang pantjèn sampoen katjandak ing sesakit waoe ing sadèrèngipoen.

Djalaran saking poenika kaboepatèn Garoet ladjeng mrotès, amargi soentikan waoe namoeng katindakaken wonten ing Bandoeng lan Tasikmalaja. Mangka ing salebetipoen taoen 1932 lan 1933 poenika ing Garoet tjatjahipoen tijang pedjah djalaran sakit pès oegi katah, mila tijang ing Garoet sami ngadjeng-adjeng soepados soentikan pès katindakaken ing Garoet ing salebetipoen woelan Januari 1935.

Aneta martosaken bilih soentikan waoe sasampoenipoen katitik mitoeloengi saladjengipoen wiwit woelan Januari 1935 badé katindakaken ing sanès panggénan sarta temtoenipoen Garoet oegi badé toemoet kapétang, ing wewengkon ingkang badé kanggé papan njobi nindakaken soentikan waoe. Ingkang dèrèng katetepaken poenika namoeng oeroet-oeroetanipoen panggénan ingkang badé kanggé papan panjobèn, poenika ingkang andjalari wonten tijang ingkang sami boten trimah.

Wonten malih pawartos, njebataken bilih Dr. Otten ingkang wegig saged ngitjalaken sakit pès poenika bèndjing woelan Januari badé dateng ing Tjiamis preloe nindakaken soentikan. Mitoeroet kabar sakawit ingkang badé dipoen wiwiti dipoen soentik para tijang ing onderdistrict Penoempangan lan Panjoeloe, awit tjatjahipoen tijang ingkang sami kaparak ing sesakit pès ingkang katah pijambak inggih ing onderdistrict waoe. Para tijang ing Tjiamis lestantoen ngadjeng-adjeng datengipoen Dr. Otten.

Sesakit pès lan malaria ngamoek sesarengan. Mitoeroet kabar saking pambantoe „Sin Pas" ing wekdal samangké tijang boemi ing wewengkon kaboepatèn Tjiamis, kadosta ing onderdistrict Penoembangan, Tjihaoerbeuti lan Tjikoneng, katah ingkang sami katjandak ing sesakit malaria. Pangageng anggènipoen andjagi moerih soeda lan itjaling sesakit waoe kados inggih sampoen njekapi, nanging sesakit malaria meksa taksih saged ngamoek malah ngantos andjalari pepedjah. Mangka in mangsa poenika sesakit pès oegi dèrèng menda, dados pangamoekipoen sesarengan kalijan sesakit malaria.

Kamadjenganipoen gemeente Tegal. Djalaran saking mlebet-medalipoen arta para gemeente poenika katah ingkang sami kapitoenan. Nanging satoenggal kalih oegi wonten gemeente ingkang pamedalipoen kénging dipoen wastani mrentel, langkoeng katah tinimbang lan wragad-wragad ingkang dados sesanggènipoen. Menggahing mlebet medalipoen arta poenika gemeente Tegal kénging kanggé toelada, inggih toeladanipoen gemeente ingkang saoepami tijang makaten kénging dipoen wastani gangsar redjekinipoen. Ingkang makaten waoe djalaran ing salebetipoen 11 woelan ingkang mentas kapengker poenika gemeente Tegal anggènipoen nglebetaken arta langkoeng katah tinimbang pétangan ing sadèrèngipoen, langkoengipoen wonten f 3000, mangka anggènipoen ngedalaken arta wonten f 23000. Kirang saking pétangan, goenggoeng mlebet medaling arta gemeente poenika gadah tirahan (bati) 1 ton langkoeng.

Congres Taman Siswa. Programma: I. Wiwit tanggal kaping 9 doemoegi 13 December parepatanipoen para warga (toetoepan). ing gedong Taman Siswa.

II. Dinten Kemis malem Djoemoeah 13-14 Dec. djam 8-12 daloe, wonten ing pandapi Tedjakoesoeman: Pambikakan parepatan lan pamiwahan nganggé oepatjara: Panembrama, Srimpi. Bedaja, beksan Srikandi-Larasati lan Srikandi-Bisma.

III. Dinten Djoemoeah malem Setoe, 14/15 Dec. ing pandapi Tedjakoesoeman, djam 8-12 daloe: Parepatan oemoem, sesorahipoen Ki Soewandhi bab „Sociologie dados dedasaring panggoelawentah (pendidikan), lan manawi preloe oegi badé ngrembag bab sanès-sanèsipoen.

IV. Dinten Setoe malem Ngahad, 15-16 Dec., djam 8-12 daloe, ing pandapi Tédjakoesoeman: Parepatan Oemoem, sesorahipoen K. H. Déwantara bab „Woelang Kasoesilan" lan manawi preloe oegi badé ngrembag bab sanès-sanèsipoen.

V. Dinten Ngahad, tanggal 16 Dec., djam 8-12 siang ing pandapi Tédjakoesoeman: Parepatanipoen para wanita: Sesorahipoen para wanita Taman Siswa ngrembag bab-bab ingkang njrambahi djagading wanita lan amitontonaken wohing ka oenan kados ingkang kalampahan ing receptie daloe.

VI. Dinten Ngahad malem Senèn, 16-17 Dec., Ringgit koelit kanggé para komité lan warga Taman Siswa, ing gedong Taman Siswa.

Tamoe agoeng saking tanah mantja. Mitoeroet pawartos gouverneur Staat Queensland ing Australië, inggih poenika Kolonel Right rion. Sir Leslie Orme Wilson lan Lady Wilson bèndjing tanggal 10 Januari 1935 badé bidal saking Brisbane preloe mretamoe ing nagari Djawi.

Déné Sir Leslie Wilson waoe anggènipoen dados gouverneur wiwit taoen 1932.

Padjeg karèta motor. Kados ingkang sampoen kawartosaken, boten dangoe malih badé wonten oesoel kaladosaken dateng Raad Kawoela, inggih poenika oesoel ingkang mrajogèkaken panjoewakipoen padjeg kréta motor lan mrajogèkakan soepados dipoen wonteni padjeg Diesel-auto lan gasgeneratoren-auto. Déné pangétangipoen padjeg énggal ingkang badé kaoesoelaken poenika mitoeroet saking boboting auto ingkang dipoen kèngingaken: toemrap Diesel-auto saben bobot 100 K.G. padjegipoen f 12, déné toemrap gasgeneratoren-auto saben bobot 100 K.G. padjegipoen f 24. Toemrap kréta ingkang kagandèngaken (aanhangwagens) padjegipoen f 12.

Gandèng kalijan soeraosipoen tlègram Aneta ingkang ngewrat oengel-oengelan: „Pangrembagipoen reregèn bensine gegajoetan kalijan rantjangan badé ngewahi padjeg karèta motor, ing Soerabaja mèh rampoeng, dados katerangan saking pangagengipoen Bataafsche temtoe énggal loemadosipoen."

Wewakilipoen N. V. Koloniale Petroleum Verkoop-Maatschappij neda soepados kawartosaken, bilih maatschappij poenika oegi énggal badé ngladosaken katerangan kadosdéné pangagengipoen Bataafsche.

Padjeg Nirom 1935. Saking Bandoeng kawartosaken bilih mitoeroet serat kekantjinganipoen directeur departement Verkeer lan Waterstaat tanggal 30 November 1934, padjeg ingkang kedah kabajar déning para tijang ingkang sami anggadahi radio badé dipoen dakaken. Toemrap bangsa partikelir lan bebadan ingkang ngoedi dateng kasaénan toemrap oemoem (liefdadigheidsinstellingen) padjegipoen radio sawoelanipoen ingkang sapoenika f 3. dipoen dakaken dados f 2.50; toemrap gredja, tijang ingkang sadé radio lan sapitoeroetipoen dipoen dakaken saking f 4.50 dados f 3.75; toemrap grija soes, hotel, restaurant lan sapitoeroetipoen padjegipoen f 7.50.

Pedjah djalaran neda bongkrèk. Sampoen 2 woelan sapriki ing doesoen Kenitèn, Poerwokerto, wonten tijang tiwas djalaran neda bongkrèk. Ing sapoenika wonten pawartos malih, bilih ing doesoen ngrikoe oegi wonten tijang tiwas malih djalaran neda bongkrèk. Tijang ingkang sakit wonten 39, ingkang sanget 7, saha ingkang 3 kaladjeng pedjah, saladjengipoen toemaroentoen ingkang tiwas 7. Dokter ing Poerwokerta nindakaken pitoeloengan.

Doekoen ingkang ambebajani. Ing bawah Balapoeloeng, Tegal wonten satoenggiling tijang èstri woedoenen wonten ing weteng. Tijang waoe ladjeng ngoendang doekoen kapoerih ngoepakara. Doekoen gadah pamanggih woedoen waoe kedah kabedèl, saha kelampahan kabedèl jektos saged ngedalaken rereged. Nanging sasampoenipoen sawatawis djam, tijang waoe ladjeng sakit sanget, ladjeng kabekta dateng grija sakit Kardinah ing Tegal. Déné kawoesananipoen, tijang waoe tiwas.

Congres ing Soerakarta. Ing salebetipoen woelan December poenika ing Soerakarta badé wonten congres kaping kalih, inggih poenika congres B. O. dawah tanggal 24-26 December lan congres Indonesia Moeda dawah tanggal 28 December — 2 Januari.

Ambranahaken kodok idjem. Ingkang wadjib ing pradja Mangkoenagaran, Soerakarta, amanggalih poenapa sakinten kodok idjem poenika kénging kanggé pangoepadjiwa tijang siti, awit manawi pantjèn njata makaten, tinimbang saben daloe tetijang sami pating tjenoenoek pados kodok idjem ing kalèn², ingkang sarwa njamari, aloewoeng kawontenaken papan panggénanipoen. Ingkang poenika manawi kasembadan, ing Partinituin badé kawontenaken bloembang kanggé tjobèn². Samanten poenika mawi ngentosi panimbanging Landbouwconsulent.

Doesoen Marasari santoen nama Wonoredjo. Kawartosaken, tijang² doesoen Marasari, district Kaliwoengoe, sampoen sami sarembag saha sampoen dados saroedjoeking kantja sedaja, sami damel panoewoenan kanti rekèst dateng ingkang wadjib, njoewoen soepados doesoen Marasari dipoen gentos nami doesoen Wonoredjo. Loerah doesoen toemoet memoedji oetawi nenoewoen sageda nama doesoen waoe dipoen parengaken. Djalaran nalika doesoen dipoen gantos nami Marasari, tijang² sami rekaos anggènipoen ngoepados sandang teda oetawi tijang² sami manggih kapitoenan, karahardjaning doesoen katingal moendoer, beda sanget klajan doesoen taksih nami Wonoredjo. Mitoeroet dawoeh kekantjingan saking P. T. Directeur Binnenlandsch Bestuur, nalikka tanggal 7/11-'34 no. 1722/s nami doesoen Marasari, sampoen dipoen dawoehaken, kapareng toewin sampoen dipoen tetepaken wangsoel malih. (K. 1966).

Regentschapsraad Betawi. Regentschapsraad Betawi sampoen angrampoengi rembag ing bab badé ngawontenaken padjeg reclame lan oegi anjondongi ing bab prostèl wontenipoen apcenten 20 saking padjeg verponding lan personeel. Déné prostèlan apcenten 50 ingkang roemijin kabatalaken déning ingkang wadjib.

ASIA.

Djawah ès ing Djepan. Kados sampoen rambah² ing nagari Djepan kadadosan wonten kasangsaran ingkang djalaran saking djawah deres poenapadéné prahara ageng. Nembé² poenika wonten malih pawartos, bilih ing Tokyo wonten djawah ès, andjalari kataḥ telefoon ingkang karisakan boten saged toemindak ing damel, djalaran kawat-kawatipoen sami pedot.

NAGARI WALANDI.

Meling mesin maboer. Directeur K. L. M. toewan Plesman, anerangaken bilih sampoen meling mesin² maboer tjatjah 14 gagrag „Uiver" dateng Amerika Sarekat, awit pabrik ingkang wonten ing nagari Walandi boten saged damel mesin maboer kados makaten waoe.

EROPA.

Gambar inginggil poenika gambaripoen karèta sepoer ingkang mlampah ing salebeting siti ing kita Moscou. Déné tijang-tijang ingkang katjeta ing gambar poenika inggih ingkang sami noempaki nalika karèta waoe katjobi dipoen lampahaken.

ᠬᠤᠭᠤᠷᠠᠨᠤ ᠴᠠᠭᠠᠨ (ᠵᠤᠪᠠᠨᠳᠤᠨᠤᠳ)

᠂ᠠᠮᠢᠳᠤᠨᠤ ᠴᠠᠭᠠᠨᠤᠨᠳᠤ ᠪᠤᠴᠠᠭᠠᠭᠰᠠᠨ᠂ Edgar Rice Burroughs.

᠄ᠵᠤᠪᠠ ᠄

᠂ᠴᠠᠭᠠᠨᠤᠨᠳᠤ ᠪᠤᠴᠠᠭᠠᠭᠰᠠᠨ᠂

(ដកស្រង់ពីសៀវភៅ)

[illegible]

[illegible] Marie, Café Noir, Demi-Lune, Sultana, Gingernut, Locarno [illegible] Sprits [illegible] Chocolade-Stammetjes [illegible] Verkade [illegible]



BISKOEWIT
VERKADE

[illegible]